



## Office of the Superintendent

Dr. Brenda Cassellius, Superintendent  
Bruce C. Bolling Municipal Building  
2300 Washington Street, 5<sup>th</sup> Floor  
Roxbury, Massachusetts 02119

617-635-9050

superintendent@bostonpublicschools.org  
www.bostonpublicschools.org

20 novanm, 2020

Chè fanmi,

M ap ekri nou pou m ban nou yon mizajou sou pwoseis admisyon an pou twa lekòl konkou antre Lekòl Piblik Boston yo (BPS) : Boston Latin Academy (BLA), Boston Latin School (BLS), ak John D. O'Bryant School of Mathematics and Science.

Akoz gwo enpak pandemi COVID-19 la genyen sou elèv yo, nan mwa out la nou te lonmen yon [Gwoup Travay pou Kritè Admisyon Lekòl Konkou Antre yo](#) pou ban m yon rekòmandasyon sou pwosesis admisyon an pou ane skolè 2021-2022 a. 21 oktòb, Komite Skolè Boston an te apwouve rekomandasyon Gwoup Travay la. Rekòmandasyon sa a genyen ladan I yon kanpe tanporè nan egzamen rantre a, epitou I pwopoze yon pwosesis admisyon altènatif. Nan pwosesis altènatif la, nou detèmine gwoup kandida yo sou baz nòt elèv yo te fè nan gramè/literati angle ak matematik pandan ane skolè 2019-2020 an, avan pandemi COVID-19 la te deklanche, oswa sou baz ranzman yo te bay nan egzamen MCAS 2019 la.

Rekòmandasyon pou n mete yon kanpe nan egzamen rantre a ane sa a te baze sou plizyè faktè, pam yo : sante ak sekirite elèv yo ak manm pèsònèl yo, difikilte pou n asire sekirite egzamen an pandan egzamen an ap bay aleka, mankman aprantisaj ke viris COVID-19 la koze, ak enpak inegal pandemi a fè sou fanmi ki pa genyen anpil mwayen ekonomik ak fanmi de koulè.

Tout lekòl konkou antre yo sèvi elèv ki nan klas 7yèm jiska 12yèm ane. Pwosesis egzamen an disponib pou tout elèv ki abite nan Vil Boston k ap fè klas 6yèm, 8yèm, ak 9yèm ane. Lekòl BLA ak lekòl BLS admèt elèv k ap rantre nan klas 7yèm ak 9yèm ane. Lekòl O'Bryant lan admèt elèv k ap rantre nan klas 7yèm ak 9yèm ane, ansanm ak yon ti kantite elèv k ap rantre nan klas 10yèm ane. Pwosesis admisyon an disponib tou pou elèv sila yo ki pa enskri nan yon lekòl BPS nan moman sa a.

Pwosesis demann nan pou lekòl konkou antre yo ap ouvè **lendi, 23 novanm, 2020, epi I ap dewoule jiska 31 desanm, 2020. Elèv BPS aktyèl yo pa oblige ranpli yon demann ni soumèt okenn enfòmasyon pou yo enkli pamì gwoup elijibilite a.** Distri a ap konsidere tout elèv ki satisfè egzijans minimòm yo pou elijibilite. Si toutfwa elèv yo elijib pou konsiderasyon lekòl konkou antre yo, n ap enfòme fanmi yo nan imel ak nan telefòn, nan semèn k ap vini yo. Elèv BPS yo ki satisfè kritè elijibilite yo e ki ta renmen yo konsidere yo pou yon lekòl konkou antre, ap bezwen klase preferans lekòl yo pandan pwosesis chwa lekòl la k ap fèt an janvye 2021.

Yon elèv ki al nan lekòl prive, reliye, oswa lekòl charter eta a, ap oblige ranpli yon fòmilè demann enskripsiyon, k ap genyen ladan I verifikasyon lojman I nan Boston ak otorizasyon pou lekòl sila a divilge nòt li yo bay BPS. Epitou paran yo ap gen pou yo klase lekòl prefere yo pandan pwosesis verifikasiyon an. **Pou w kapab konplete pwosesis demann nan, ale sou sit entènèt [bostonpublicschools.org/exam](#) lendi, 23 novanm.**



**Epitou nou envite w pou w jwenn ansanm avè n lendi, 23 novanm, a 5:00 nan laprèmidi,  
nan yon sesyon enfòmasyon vityèl pou n voye yon kout je sou plan admisyon an pou  
elèv k ap fè demann pou lekòl konkou antre yo, pou ane skolè 2021-2022 a. BPS pral  
genyen kèk sesyon enfòmasyon anplis pandan lòt semèn k ap vini yo. Pou w kapab jwenn plis  
enfòmasyon, tanpri konsilte [sit entènèt](#) nou an, oubyen voye yon imel nan adrès imel  
[exam@bostonpublicschools.org](mailto:exam@bostonpublicschools.org).**

Sensè salitasyon,



Doktè Brenda Cassellius  
Sipèntandan